

INITIATIVE POUR LE DEVELOPPEMENT DURABLE D'HAITI

IDDH



GID JADEN LEKOL

Klas 4^e, 5^e, 6^e ane fondamantal



Out 2008



GID JADEN LEKOL

Redaksyon : Dolnaïl PIERRE, Onel CHERISTIN, Jacques Solon PIERRE
Miz anfòm : Renel BRUNO



IDDH

Terrier-Rouge, Haiti

REMÈSIMAN

Komite egzekitif « Initiative *pour le Développement Durable d'Haiti* » vle ekspri rekonèsans li anvè tout moun oubyen òganizasyon ki te ede l mete kanpe pwogram Jaden Lekòl li a. L ap remèsye yon fason espesyal :

- June LEVINSOHN, fondatè Ayiti Konsèyè, ki pa janm sispan ankouraje chak manm nan ekip la pou kontinye travay ;
- Sr Reine GODBOUT, NDSC ;
- Maguy NOEL.

Li vle ekspri gratitud anvè òganizasyon sa yo : Sonje Ayiti, Ayiti Konsèyè

L ap pwofite remèsye tou direktè lekòl yo, pwofesè yo, elèv yo ki te patisipe, kolabore ak li pandan premye ane sa pou fè pwogram nan reyisit

Komite egzekitif la ap di mèsi a tout manm IDDH ki te bay konsey yo, lide yo, konèsans yo pou rive reyalize Gid Jaden Lekòl sa a.

Komite Egzekitif IDDH :

Renel BRUNO, Dolnail PIERRE, Juslain Pierre ETIENNE, Rose Carmelle ANGRAND, Frantz ROZEFORT.

Tab Matyè

REMÈSIMAN	i
Tab Matyè.....	ii
PWEMYE KOZE	1
YON TI PALE SOU AGRIKILITI	2
ETID YON PLANT	4
KILTI LEGIM.....	7
ZOUTI YO.....	7
PREPARASYON BIYON AK PLATBANN.....	9
PEPINYÈ.....	10
JADEN TOMAT	13
JADEN PIMAN.....	15
JADEN CHOU.....	17
JADEN ZONYON	19
FABRIKASYON KONPOS.....	21

PWEMYE KOZE

Depi nan tan lakoloni jouk rive jounen jodi a, agrikilti toujou reprezante prensipal aktivite ki rapòte plis lajan nan peyi a e plis moun fè l. Men, depi plizyè lane nou wè aktivite sa a ap degradingole paske manke ankadreman pandan genyen plis moun k'ap fèt ki genyen bouch pou manje.

Nan IDDH nou panse aktivite sa a pap kapab pran elan si nou pa makonnen l ak bon jan fomasyon ki dwe komanse depi nan klas pwimè jouk rive nan klas inivèsitè. Se pou mete bon jan baz pou devlopman aktivite sa a IDDH mete kanpe yon pwogram jaden eskolè nan plizyè lekòl pou aprann timoun nan klas primè konnen enpòtans agrikilti nan peyi a epi patisipe an menm tan nan gwo batay sa a pou fè gen plis manje pandan n'ap pwoteje anviwònman an.

CHAPIT I

YON TI PALE SOU AGRIKILITI

KISA AGRIKILITI VLE DI ?

Agrikilti se tout travay nou fè pou n pwodwi plant ak bèt ki itil pou moun.

KI KOTE MO AGRIKILITI A SOTI ?

Agrikilti a soti nan mo agri ki vle di chan oubyen jaden epi kilti ki vle di plante pou rekòlte.

KI KOTE YO TE PREMYE PRATIKE AGRIKILITI?

Agrikilti te pratike pou premye fwa nan nò peyi yo rele Lasiri.

KONBYEN BRANCH KI GENYEN NAN AGRIKILITI ?

Agrikilti genyen ladan li 2 branch: kilti ak elvaj.

KISA KILTI VLE DI ?

Kilti se tout travay nou fè nan tè pou moun kapab twouve manje.

KOUMAN YO RELE MOUN K'AP PRATIKE KILTI ?

Moun k'ap fè kilti rele : 1.- *kiltivatè*
: 2.- *agrikiltè*
:3.- *jadinye*

KISA ELVAJ VLE DI ?

Elvaj se tout aktivite moun ap fè pou pwodwi bèt ki itil pou moun.

KI KALITE PWODWI NOU KAPAB TWOUVE LÈ NOU FÈ ELVAJ ?

Nou twouve lèt, vyann, ze, kwi, kon, lènn, po,...

KOMAN YO RELE MOUN K'AP FÈ ELVAJ ?

An jeneral, moun k'ap fè elvaj rele *elvè*. Men yo rele li swa :

- *Apikiltè* moun k'ap fè elvaj abèy.
- *Pisikiltè* moun ki fè elvaj pwason.
- *Avikiltè* moun ki fè elvaj zwazo, volay.

KI OBJEKTIF MOUN K'AP FÈ AGRIKILTI ?

Objèktif moun kap fè agrikilti se fè plis lajan ak manje pou okipe fanmiy li, epi pèmèt peyi a gen plis manje tou.

MEN KEK FAKTÈ KI PÈMÈT NOU FÈ AGRIKILTI

1. *Moun*
2. *Tè*
3. *Lajan (Materyel ak zouti, semans,...)*
4. *Dlo*

KI WÒL TÈ A POU AGRIKILTI ?

Se pou sipòte plant yo, sa vle di pèmèt plant lan kanpe, se li menm tou ki gad manje plant lan.

KI WÒL MOUN NAN AGRIKILTI ?

Se travay pou tè a bay plis manje ak lòt pwodui ki itil. Moun se motè pou soutni sistèm agrikilti a.

KI WÒL LAJAN NAN AGRIKILTI ?


Se pou fasilite nou achte tout sa nou bezwen pou fè agrikilti, egzanp: achte tè, zouti, semans, angrè, ensektisid, ...

CHAPIT II

ETID YON PLANT

KI DIFERANT PATI N'AP TWOUVE NAN YON PLANT ?


- *Rasin*
- *Tij*
- *Fèy*
- *Flè*
- *Fwi*



RASIN

KI KOTE NOU JWENN RASIN NAN PLANT LAN ?

An jeneral nou twouve rasin yo anba tè.
Men gen kèk plant ki konn pouse kèk rasin anlè,
pa egzanp kann.



KI WÒL RASIN YO?

Se rasin yo ki pèmèt plant la kanpe nan tè a epi se li ki sèvi kòm bouch plant la, sa vle di se grasa rasin yo plant la pran nan tè a tout sa li bezwen pou l viv nòmalman.

TIJ

KISA TIJ LA YE ?

Se pati anlè plant lan sa vle di ki twouve l anwo tè a, se li menm ki swiv rasin yo.

KI WÒL TIJ LA?

Se tij la ki kenbe branch plant la.

KOUMAN YO RELE PATI KI SEPARE RASIN NAN AVÈK TIJ LA?

Pati ki separe rasin nan avèk tij la rele « kolèt »

☺ **Sonje:** Espas ki genyen ant 2 ne rele « antrene » oubyen « merital. »

FEY

Se pati vèt plant la.

KISA KI FÈ FEY YO GEN KOULÈ VÈT LA ?


Se klowofil la ki fè fey yo gen koulè vèt la.

KI WÒL FEY YO ?

Se pran gaz kabonik epi jete oksijèn nan lè a pou sa kap viv respire.

KI DIFERANT PATI N AP JWENN NAN YON FEY ?

Gèn : se pati fèy la ki kole sou tij la
Ne : se pati nan tij la kote fèy la vin kole.
Petyòl: se pati long nan fèy la. Se ke fey la.
Lenb : se pati plat fèy la, li genyen yon fas enferyè epi yon fas siperyè.





FLÈ

KISA YON FLÈ YE ?

Flè se ògàn repwodiktè plant lan, sa vle di se li ki pèmèt plant lan donnen.

KONBYEN PATI KI PWOTEJE YON FLÈ ?

Gen 2 pati ki pwoteje flè a se : kalis ak kowòl.





KIJAN YO RELE ÒGAN KI FÈ FLÈ YO ?

Ògàn mal ak ògàn femèl,
Ògàn mal la rele: « Andwose »,
Ògàn femèl la rele: « Jinese ou pistil »

FWI

Fwi se donnen plant la. Pa egzanp : mang, tomat, mayi, berejèn, zoranj...



CHAPIT III

KILTI LEGIM

Genyen diferan tip kilti. Nou pale de kilti vivriyè lè n'ap pwodwi mayi, joumou, patat elatriye. Nou pale de kilti marechè, kilti legim, òtikilti oubyen oleyikilti lè n'ap pwodwi legim. Nou pale de florikilti lè n'ap pwodwi flè pou dekorasyon.

Gen plizyè kalite legim. Nou jwenn:

- Legim fèy tankou chou, zepina, lèti.
- Legim rasin tankou kawòt, bètrav.
- Legim fwi tankou tomat, berejèn, gonbo.

ZOUTI YO

KI ZOUTI NOU BEZWEN LÈ NOU PRAL FÈ YON JADEN LEGIM ?

Wou : nou itilize wou lè nou pa genyen gwo machin pou fè labouraj, nou itilize l tou pou fè bit, saklaj, . . .


Manchèt : nou itilize l lè nou bezwen debranche pye bwa ki bay twòp lonbray, branch nwizib . Nou kapab itilize l tou pou fè binaj, retire move zèb.

Bèch : nou itilize bèch pou vire tè, pou fouye kanal pou dlo koule, nou kapab itilize l tou lè n'ap fè platbann.

Rato : rato sèvi pou fè tè a vini pi fen, pou mete

platbann yo a nivo, nou kapab itilize l tou pou rasanble tout rès debri ki nan tè a.

Pikwa : se yonn nan zouti nou itilize anpil lè n'ap fè platbann pou fouye twou, tchake tè (vire tè), fouye kanal.




Awozwa : se yon zouti ki trè itil nan jaden legim.
Nou itilize l pou bay plant yo dlo.



☺ **Sonje:** san dlo nou pa kapab pwodui legim,
paske plant sa yo trè sansib pou dlo.

Fouch : li pèmèt nou prepare planch (platbann)
fasilman avèk mwens fatig nou itilize l pou tchake tè.
Lè n'ap itilize bèch oubyen fouch, fòk nou mete bòt oubyen
yon soulye solid pou fasilite travay la. Nou dwe bèche tè
a lè l mouye.




Ponp aspèsyon : yo rele l an bon franse pilverizatè.
Yo itilize l sitou pou flite plant yo kont vèmin tankou
pichon, pinèz, chenye, ...

Pèl : nou itilize l pou vire konpòs, retire tè nan kanal.

Deplantwa : nou itilize l pou retire plantil yo nan tè.

Plantwa : nou sèvi ak li pou repike plantil yo.

N'ap sèvi ak lòt bagay tankou : fisèl, mè, pikèt, sekate, bourèt.



KISA YON MOVE ZÈB YE?

Yon move zèb se tout bagay ki leve sou tè a san yo pat plante, men ki pa ki pa sèvi anyen pou agrikiltè a.

PREPARASYON OU DWE FE POU YON JADEN LEGIM ?

1. Chwazi yon bon pozisyon : ki pwe dlo, ki pa gen wòch, ki gen bon tè gra, ki pa kenbe dlo ;
2. Klotire jaden an pou plis sekirite ;
3. Debwanche tout pyebwa yo, paske plant yo bezwen solèy pou yo byen devlope ;
4. Saklaj : se retiré tout mové zèb ki genyen nan tè a avèk yon wou ;
5. Si posib nou dwe laboure tè a sètadi vire tè a pou rasin yo kapab devlope pi byen e depi rasin yo byen devlope, plant yo ap bay pi bèl rekòt ;
6. Prepare biyon oubyen platbann.

PREPARASYON BIYON AK PLATBANN

KOUMAN NOU PREPARE YON BIYON ?


Depi tè a fin laboure oubyen tchake, sou yon liy w'ap kanpe yon bò e avèk yon wou w'ap rale tè mete sou lòt bò. Apre w'ap janbe lòt bò a pou ou fè menm operasyon an.

KOUMAN YO RELE ESPAS KI GENYEN ANT 2 BIYON ?

Espas ki genyen ant 2 biyon rele *SIYON*.

KISA YON SIYON YE ?

Se yon ti kanal; se ladan l nou dwe mache pou n fè netwayaj, fè aspèsyon; se ladan l tou dlo pase lè n'ap wouze.




KISA YON PLATBANN YE ?

Se yon kabann nou prepare lè n'ap pwodui legim.

KOUMAN YO PREPARE YON PLATBANN?

1. Tè a dwe laboure oubyen tchake avèk yon derapin oubyen yon bèch plat;
2. Nap fè piktaj , longè platbann nan pa dwe depase 10 mè e lajè a pa dwe depase 1 mè 20;
3. Delimite toutotou platbann nan avèk yon ti kanal (lajè 30-40 santimèt) ;
4. Lè nou fini leve platbann nan n'ap fè l plat tankou do tab apre n'ap kouvri l avèk pay e n'ap wouze l chak jou pandan 2 semèn avan nou simen sou li.



☺ **Sonje** : Nou pa dwe mache sou platbann yo.



PEPINYÈ

KISA YON PEPINYÈ YE ?

Yon pepinyè se yon espas ki amenaje pou pwodui ti plant

KI KOTE NOU DWE FE YON PEPINYÈ ?

1. yon kote ki byen pwoteje kont van, gwo solèy ak zannimo ;
2. yon kote ki pa twò lwen kay nou pou bay yo swen pi fasil ;
3. fòk genyen dlo nan jaden an oubyen a kote jaden an.

KI DIFERANS KI GENYEN ANT YON JEMWA AK YON PEPINYÈ ?

Yon jèmwa se yon kote nou simen grenn oubyen bouti jis pou yo leve oubyen pouse boujon nan bon kondisyon, lè yo fin leve, nou kapab, transplante yo nan pepinyè jiskake yo prè pou repikaj.

Nan yon pepinyè, plantil yo oubyen bouti yo ap devlope jiskake yo gen gwosè ki pèmèt yo repike san pwoblèm.

SEMI

Se teknik nou itilize pou nou multipliyè plant ki gen grenn yo.

Genyen 2 tip semi : Dirèk ak Endirèk

Semi dirèk : Se lè nou mete grenn sa a nan twou e nan menm twou sa a li grandi e donnen. Sa vle di li pa pase nan pepinyè oubyen nan jèmwa.

Semi endirèk : Se lè nou simen grenn lan nan pepinyè enpi lè l kòmanse devlope n al transplante li nan jaden an.

POU KISA NOU FÈ SEMI DIRÈK ?

Se paske genyen yon seri plant si n al rache yo pou transplante, rasin yo pral andomaje e lè sa a si ou repike l menm si li rive pran, li pap bay bon rekòt.

Egzanp: semans vivriyè yo ak legim tankou kawòt, bètrav, joumou, gonbo, melon, kòkonm...

POUKISA NOU FÈ SEMI ENDIRÈK ?

Se paske genyen plant lè yo jèn ki pa kapab sipòte gwo solèy. Kòm plant sa yo ekzijan pou dlo, li pi fasil pou ou wouze yo nan pepinyè.

KIJAN POU NOU FÈ YON PEPINYÈ LEGIM ?

- 1) Chwazi yon kote ki pa lwen ki pre dlo, ki plat ki pa gen anpil wòch.
- 2) Bare toutotou pepinyè a pou anpeche poul, bourik, chwal, bèf, kochon pa antre ladan l;
- 3) Pike tè a , kraze gwo boul yo epi fè platbann nan;
- 4) Mete konpòs sou platbann nan epi bèche platbann nan pou melanje tè a avèk konpòs la;
- 5) Fè yon ti tonèl sou platbann nan (otè 1,5 mè) pou pwoteje plantil yo kont gwo lapli ak gwo solèy;
- 6) Fè yon seri ti rigòl chak 10 ou 20 santimèt nan sans lajè platbann nan epi simen grenn yo apre sa kouvri yo ak yon ti tè fen, grenn yo pa dwe simen twò dri ni twò fon;
- 7) N'ap kouvri platbann nan ak pay;
- 8) N'ap wouze maten ak apre midi;
- 9) N'ap retire pay sou platbann nan lè grenn yo jèmen epi kòmanse leve;
- 10) N'ap retire pay sou tonèl la ofi a mezi ke ti plantil yo ap devlope;
- 11) N'ap fè ti netwayaj epi fè binaj ak bitaj chak semenn jiskaske plantil yo parèt pou repikaj.

REPIKAJ

Tout legim pa pran menm kantite tan nan pepinyè epi lè ti plant lan kòmanse devlope fòk nou transplante l paske pepinyè a pa genyen ase espas ak manje pou yo devlope.

Nou pale de repikaj se lè nou retire ti plant lan nan pepinyè a pou n'al mete l nan platbann an.



Sonje : Toutan ti plant lan pi jèn, li pran pi fasil lè nou transplante l.

PREKOSYON NOU DWE PRAN LÈ N'AP FÈ REPIKAJ ?

- Platbann yo dwe byen wouze;
- Plantil yo dwe retire ak yon manchèt oubyen ak yon transplantwa oswa yon deplantwa;
- N'ap fè yon twou nan tè a oubyen sou platbann lan epi n'ap mete plantil la nan twou a (ra kòlèt) san rasin yo pa tòde;
- Fè yon ti danmen tè a toutotou kòlèt plantil la ;

- Bay plantil la yon ti dlo tou swit pou twou a kenbe frechè;
- Nou dwe plante tou swit apre nou fin rache plantil yo, e li pi bon si ou fè opersyon sa a nan apre midi.

JADEN TOMAT



Orijin : Amerik di Sid

Fanmiy : Solanaceae

Non syantifik : Solanum lycopersicum

ENPÒTANS TOMAT :

Moun k'ap fè manje itilize tomat anpil nan soup, sòs, legim, epi kòm salad. Gen moun ki fè ji ak li.

KISA NOU JWENN NAN TOMAT ?

Nou jwenn nan tomat vitamin A ak C, epi mineral yo tankou fè, kalsyòm.

KI ENPÒTANS VITAMIN SA YO POU MOUN ?

Vitamin A bon pou je, li anpeche w avèg fasil ; li fè timoun byen grandi.

Vitamin C ranfòse bwonch ou lè w gen rim ak tous.

KALITE TOMAT KI GENYEN ?

Genyen plizyè kalite tomat men n'ap site 2 sèlman :

- Yon gwo tomat ki won, ki gen bon gou epi ki pa si yo rele tomat salad.
- Yon ti tomat ki gen gou si, li kapab tou won oubyen long nou rele l ti joslin.



Tomat salad



Ti joslin

KIJAN NOU SIMEN TOMAT?

Sou platbann nan n'ap fè yon seri ti siyon chak 20 santimèt epi n'ap simen grenn yo pa twò dri, pa twò fon epi kouvri yo ak tè fen.

KONBYEN JOU TOMAT PRAN NAN PEPINYÈ ?

Tomat kapab pase 20 a 30 jou nan pepinyè, imedyatman apre fòk nou transplante l. Nou dwe bay chak pye tomat yo yon distans 50 santimèt konsa.

KI KALITE TÈ TOMAT RENMEN ?

Tomat renmen tè ki genyen anpil fimye.

NAN KI PERYOD NOU DWE PLANTE TOMAT ?

Tomat pa renmen gwo chalè, li pi bon pou nou plante nan mwa oktòb, novanm, desanm, janvyè.

KI SWEN NOU DWE BAY NAN JADEN TOMAT YO ?

- N'ap sèkle regilyèman pou lite kont move zèb
- N'ap fè binaj kise tchake tè apou dlo rantre ladan l.
- Tomat dwe wouze chak jou ak awozwa men si genyen irigasyon li kapab wouze chak 8 jou.
- Wouze nan pye tomat yo, pa kite dlo chita sou fèy ak fwi yo ki kapab fè yo vin nwa epi tonbe avan lè.
- N'ap fè bitaj (sa vle di bay pye tomat yo tè) sa ap pèmèt rasin yo devlope pi byen.
- Fòk nou bay tomat yo fouch (titè) pou fwi yo pa touche tè.

KI LÒT PWOBLÈM NOU KAPAB JWENN NAN JADEN TOMAT ?

- Se pouriti kòlèt, pou tè sa pa kite dlo chita nan pye plant la.
- Se cheni, pinèz, ti vè, ak mouch blanch ; pou tè sa yo, nou dwe flite plant lan chak lè nou wè ensèk nwizib sa yo parèt.

😊 **Sonje:** Pa plante tomat ansanm ak berejèn, piman oswa tomat, oubyen nan yon tè ou fenk rekolte kilti sa yo.

KI KANTITE TAN TOMAT PRAN POU MI ?

Yon jaden tomat dire 5 mwa apeprè epi rekòt la dire 2-3 mwa, selon varyete a.

JADEN PIMAN



Fanmiy : Solanaceae

Non syantifik :Capsicum annum

KI ENPÒTANS PIMAN ?

Piman rich ak vitamin A, li genyen anpil fib ki bon pou netwaye entesten (trip).

KI KALITE PIMAN KI GENYEN ?

Genyen plizyè kalite piman, men genyen 2 ki pi enpòtan ki bay plis kòb.

- 1) Piman dou yo itilize anpil nan salad.
- 2) Piman bouk ki se yon piman pike moun itilize pou bay manje gou, yo itilize l tou nan vinèg ak pikliz.

KOUMAN YO SIMEN PIMAN?

Sou yon platbann n'ap fè siyon (20 santimèt de distans), n'ap simen grenn yo epi kouvri yo ak tè fen.

KI KANTITE TAN YON PEPINYÈ PIMAN DWE PRAN ?

Depi piman an genyen 45 jou li bon pou repike. Lè sa n'ap bay yo demi solèy, demi lonbray epi yon semèn avan nou transplante nou dwe bay yo solèy nèt.

KI DISTANS ANT PYE PIMAN YO LÈ N'AP FÈ REPIKAJ ?

Se 40 a 50 santimèt.



Sonje : N'ap kite kolèt ti plant yo yon ti kras anwo tè.

LÒT SWEN NOU DWE BAY JADEN PIMAN.

- Saklaj
- Awozaj, tè a dwe toujou mouye
- Binaj
- Bitaj

KI PWOBLÈM NOU KAPAB RANKONTRE NAN JADEN PIMAN.

1. Se pouriti ki atake kòlèt plant la.
2. Se cheni ki konn lakòz fwi yo pouri epi tonbe.
3. Se pichon

KI DIRE YON JADEN PIMAN ?

- Yon jaden piman dire 6 a 8 mwa, depi nan twa mwa rekòt la kòmanse
- Nou pa dwe plante piman dou ak piman pike nan yon menm moso tè. Sa kapab fè piman pike a tounen.
- Nou kapab plante piman pike tout lane tandiske piman dou dwe plante ant mwa oktòb epi mwa mas.
- Nou pa dwe plante piman kòt a kòt ak berejèn oubyen tomat ni nan yon jaden ki te gen kilti sa yo deja.

JADEN CHOU



Fanmiy: Cruciferae

Non syantifik: Brassica Oleacera

ENPÒTANS CHOU.

Chou rich ak vitamin C, li bon pou entesten (trip), li fasilite dijesyon.

SEMI CHOU.

Nou dwe simen chou nan siyon sou platbann epi kouvri l ak pay 4-5 jou pou lapli pa kale ti grenn yo. Fè yon ti tonèl pou gwo lapli pa sakaje plantil yo. N ap dekouvri tonèl la lè maten pou solèy antre epi kouvri l lè swa pou lapli.

REPIKAJ CHOU.

Repikaj chou kapab fèt depi ti plant la genyen 22 jou.

- Distans pou nou transplante chou 30 a 40 santimèt
- Lè n'ap fè repikaj nou dwe chwazi pye ki pa malad, epi kè yo pa koupe.

SWEN NOU DWE BAY JADEN CHOU NOU ?

- Saklaj ak binaj pou jaden an toujou pwòp.
- Arozaj, chou renmen dlo anpil sitou nan moman l ap ponmen.
- Chou renmen tè ki genyen anpil fimye.

PWOBLÈM NAN JADEN CHOU

Pi gwo pwoblèm se cheni yo rele pouleta ki atake kè chou yo, lè sa a chou a pa kapab ponmen nou kapab rezoud pwoblèm sa a ak pwodui natirel tankou nim, zonyon, piman; oubyen ak pwodui chimik tankou diazinon.

😊 **Sonje** : Pa plante chou yon kote ki te genyen chou deja. Pichon konn bay anpil pwoblèm tou nan jaden chou.


KONBYEN TAN CHOU PRAN POU BON ?

2 mwa a 3 mwa edmi aprè repikaj. Sonje rekòt la kapab dire 15 a 20 jou konsa.

PREKOSYON

- Semans chou dwe plante bonè.
- Chou pa renmen chalè epi cheni atake chou piplis nan moman chalè.

JADEN ZONYON



Orijin : Azi

Fanmiy : Alliaceae

Non syantifik : Allium cepa

KI ENPÒTANS ZONYON ?

Zonyon se legim moun k'ap fè manje renmen anpil. Li itilize nan salad, nan kwit manje, etc. Li pa tolere ni chalè ni anpil imidite.

NAN KI MWA NOU KAPAB PLANTE ZONYON ?

Nou kapab plante zonyon nan mwa septanm oubyen oktòb, men li ka reyisi tou nan lòt sezon tou.

APRE KONBYEN TAN NOU KAPAB REPIKE ZONYON AN ?

50 jou apre nou te fin simen grenn zonyon yo, plantil yo pare pou repike epi chak ti plant yo dwe genyen 15 santimèt distans.

KI KALITE SWEN NOU DWE BAY JADEN ZONYON NOU ?

- Saklaj regilyèman.
- Binaj li pa dwe fon.
- Awozaj; men fòk nou evite mouye tè a twòp pou evite pouriti. Epi depi donnen nan fin fòme epi kek fey kòmanse kouche zorèy yo nou dwe kanpe awozaj la.

PI GWO PWOBLÈM JADEN ZONYON ?

- Raje devlope anpil paske zonyon pa genyen fèy laj poun kouvri tè a.
- Pouriti ki atake donnen zonyon an. Pou evite pwoblèm sa a: byen chwazi dat n'ap plante zonyon, kontwole awozaj la.

- Cheni ak trips (yon ti ensèk), nou kapab konbat yo ak pwodui natirel tankou nim, piman, grenn kachiman, oubyen pwodui chimik tankou dyazinon.

LÒT ENFÒMASYON

- Dire plantasyon zonyon: 5 mwa.
- N'ap kite fèy zonyon yo fin sèch avan nou rekòlte yo pou konsève.
- Konsève zonyon anba yon tonèl ki pèmèt lè sikile, epi ki kouvri. Fè pakèt ki pa twò gwo epi pann yo. Sonje retire tout zonyon ki pouri.
- Toutotan zonyon an gen koulè fonce, se toutotan yo konsève pi byen epi lontan.

CHAPIT IV

FABRIKASYON KONPOS

MATYÈ ÒGANIK

Matyè òganik se tout sa nou prepare ak dechè plant ak zannimo.

Pou plan yo kapab byen devlope, li dwe twouve eleman sa yo nan tè a :

- Azòt ki reprezante pa **N**
- Fosfò ki reprezante pa **P**
- Potasyòm ki reprezante pa **K**
- Ak lòt eleman li bezwen nan yon ti kantite tou piti, tankou fè, kalsyòm, zen,....

Lè eleman sa yo pa ase nan tè a, nou dwe mete konpòs oubyen angrè chimik.

KOUMAN YO PREPARE KONPÒS ?

- N'ap pike tè kote nou pral fè konpòs la nan yon pwofondè 30 a 60 santimèt jis pou fasilite yon bon drenaj e mete mikròb an kontak avèk konpòs la.
- N'ap ranje bwa mayi sou li.
- N'ap mete yon kouch pay sèch n ap koupe ti moso pa ti moso; (otè kouch la 5 santimèt)
- Apre n'ap mete yon ti kouch tè nwa.
- N'ap ajoute yon kouch fèy vèt, poupou


bèt melanje ak dechè ki soti nan kwizin men l pa dwe genyen ni vyann ni rès salad ki genyen lwil epi yon kouch tè (1 santimèt) + sann ou lacho, n'ap ajoute kouch yo yonn apwè lòt jis kaske nou rive nan otè nou bezwen an.



Sonje: chak fwa ou ap ajoute yon lòt kouch sonje wouze l lejèman san l pa mouye twòp. Pil konpòs la pa dwe ni twò mouye ni twò sèk. N'ap wouze pil konpòs la lè nou jije li nesèsè.

KISA POU N PA METE NAN YON PIL KONPOS

Poupou chen ak chat, wòch, boutey, papye, plastik, moso fè, twal, kawoutchou, epi tout lòt bagay ki pa ka dekonponze.



PERYÒD POU FÈ KONPÒS

Meyè moman pou nou prepare konpòs se nan prentan oubyen otòn paske n pa bezwen yon peryòd ni twò cho ni twò frèt.

KONSÈY ENPÒTAN

Li ta pi bon pou nou fè konpòs anba yon pye bwa chèn oubyen yon lòt pye bwa ki renmen jete fèy souvan. Nou dwe plase konpòs la a 2 mètr de pye bwa a pou l pa sèvi l kòm refij pou ensèk sere pou nwi pye bwa a. Si nou swiv tout prensip sa yo, sou 6 mwa, konpòs la tou pare pou itilize.